

Enfòmasyon impòtan konsènan sante seksyèl ou: Tanpri, li tou lè de bò fèy la ak atensyon.

Si ou gen kesyon sou medikaman pou gonore, rele doktè ou byen infimye ou.

Pou plis enfòmasyon sou gonore ak lot maladi ou ka trape nan fè bagay, oswa, si ou vle jwen yon klinik kote yo bay laswenyaj pou sa, vizite Depatman Sante Piblik nan Konektikèt. Sou entenet: <http://www.ct.gov/dph/std> o swa rele: (860) 509-7920. Depi yon moun gen 13 ans ou plis, nou ka resevwa li epi nap ba li medikaman si jamè li ta gen maladi yo ka trape nan fè bagay san paran li pa oblije konnen.

Poukisa mwen jwen medikaman oswa yon preskripyon medikaman?

Patne ou fek resevwa tretman pou yon maladi yo trape nan fè bagay, maladi sa a rele **gonore**. Ou kapab genyen li tou. Se pou sa patnè w' pote yon preskripyon oswa yon medikaman pou trete gonore. Fok ou pran medikaman sa yo rapid rapid.

Ki sa ki gonore a epi ki sa ki montre ke ou gen maladi sa a?

Gonore se yon maladi ke ni fi ni gason kapab trape nan fe bagay keseswa sèks nan vajen, nan dèyè oswa nan bouch. Pou anpil moun, pa gen ankenn siy maladi a ki parèt. Men si ou gen enfeksyon an, menm si ou pa gen siy, ou ka toujou transmèt li bay lòt moun si ou fè bagay avèk yo.

Me ki siy yon Fi kapab genyen:

- Ekoulman jòn oswa blan nan vajen
- Doule oswa senyen pandan yap fè bagay
- Bay san avan moman règ yo.
- Le wap pipi lap boule w' oswa w'ap gen doulè
- Doulè anba ti vant, doulè nan rèl do
- Anvi vomi/Kè plen
- Fyè

Me ki siy yon Gason kapab genyen:

- Ekoulman jòn oswa blan nan pijon
- Le wap pipi lap boule w' oswa w'ap gen doulè
- Li boule oswa li grate tèt pijon ou
- Doulè oswa enflamasyon nan boul grenn yo

Doulè oswa enflamasyon nan boul grenn yo Ki sa ki tretman gonore?

Yo trete Gonore ak yon dòz yon antibiyotik yo rele ceftriaxone (se yon piki) **plis** yon dòz yon antibiyotik yo rele Azithromycine (se yon grenn) Dòz sa yo pa trete lòt maladi moun trape nan fe bagay tandou sifilis.

Jodiya yo ba ou yon dòz cefixime (yon grenn ki aji menm jan ak ceftriaxone) epitou yon doz Azitromicine oswa yon preskripsyon pou ou ka pran yo nan famasi. Avan ou pran medikaman sa yo, tanpri, li tout enfòmasyon sa yo ak atansyon

1. Si ou genyen yonn nan problem sa yo, fòk ou we yon dokte oswa yon enfimye rapid paske ou ka bezwen medikaman ki pi fò.

- Vant fè mal.
- Anvi vomi/Kè plen
- Fyè
- Kranp
- Vomisman
- Doulè nan boul grenn ou

2. Pa pran medicaman sa a anvan ou verifie ak dokte pa w oswa famasyon ou si:

- Ou fe aleji ak nempòt ki medikaman
- Ou gen gwo problem sante, tankou pwoblèm ren, pwoblèm kè, pwoblèm fwa oswa malkadi

Si ou pa ka pran medikaman sa a paske ou gen lot problem sante oswa alèji, fok ou we doktè oswa infimye ou rapid rapid pou ou ka jwenn yon tretman ki adapte pou ou.

3. Koman pou m pran medikaman sa a?

- Bwè tout medikaman an yon sèl kou.
- Si ou vomi inèdtan apre ou fin pran medikaman an, wap bezwen pran lot medikaman nan klinik la, nan men doktè ou oswa enfimye ou paske medikaman an pat gen tan aji.
- Pa separe medikaman sa a ak ankenn lot moun.

4. Et si mwen ansent ou byen si mwen panse mwen ansent?

Cefixime oswa Azithromicine pap fè timoun nan anyen Gonore ka transmet bay ti bebe ya pendan ou gwo vant epitou li kapab bay ti bebe ya maladi. Si ou gwo vant, pran medicaman an epi chache we doktè ou byen infimye pi bonè ou kapab. Di yo ke ou te resevwa tretment paske patnè w gen Gonore.

5. Kisa pou mwen fè apre mwen fin pran medikaman sa a?

- **Pa fè bagay ni nan vajen, ni nan dèyè, pa fè ti bèf pandan sèt (7) jou pou pi piti apre ou menm AK tout patnè w fin pran medikaman an.** Li pran medikaman an 7 jou pou li trete Gonore a. Ou ka gen Gonore anko si wal fe bagay avan medikaman an fin aji sou ou ak tout patne ou.
- **Fe yo teste w pou lot maladi yo ka trape nan fè bagay.** Medikaman sa yo pa trete lot maladi yo trape nan fè bagay Menm si ou pran medikaman sa a, li impotan pou ou fè tès pou lot maladi moun trape nan fe bagay paske moun ka genyen plis ke yon maladi en menm tan. Fe dokte ou ak enfimye ou teste w pou gonore, sifilis ak SIDA
- **Fe yon tes pou ou konnen si ou pa genyen gonore.** Pi bon trètman pou gonore se yon piki avèk yon grenn ou prann ansanm. Akoz ke se grenn selman w'ap pran kom tretman, li enpotan anpil pou ou fe test kap pemet ou konnen ke ou trete.

6. Ki sa ki ka rive si mwen pa pran medikaman an?

Gonore ki pa trete ka fe ou paka fe timoun Lakay medam yo, gonore ki pa trete ka bay yon enflamasyon nan ti basin, ki ka bay anpil doulè. Lakay mesye yo, li ka koz enfeksyon ak doule nan boul grenn.

7. Ki sa Medikaman sa a kapab antrene tankou efè segondè?

Kek efe cefixime avek Azithromicine se: dyare, kè plen, vomisman, vant fè mal, tèt fè mal. Sonje, si ou vomi inèdtan apre ou fin pran medikaman an, fok ou pran li anko.

8. Ki sa kap pase si mwen gen reaksyon alejik apre mwen fin pran medikaman sa a?

Gwo reyaksyon alejik yo pa rive souvan, men yo ka rive

Si ou genyen youn nan problem sa yo apre ou fin pran medikaman an, rele 911 oswa ale lopital:

- | | |
|----------------------------------|--------------------------------------|
| • Problem pou w respire/opresyon | • Bouch ak lang anfle. |
| • Goj fèmen/ empresyon wap toufe | • Ko grate, boul leve sou tout ko w' |

Si ou gen yon reyaksyon alejik: le ou santi w miyo, tanpri, rele STD Control Program at 860-509-7920 pou Depatman la sante ka konnen konbyen moun ki gen pwoblem ak medikaman sa'a.

Koman yo ka evite genyen gonore?

Sel jan pou ou evite gonore ak lot maladi yo trape nan fe bagay (HIV/SIDA ladan tou) se pou nou pa fè bagay. Si nap fè bagay, sèvi ak kapot korèkteman CHAk FWA nap gen nempot ki kalite rapò seksyèl. Sa pèmèt nou gen mwens chans pou nou trape maladi nan fè bagay. Fè tès pou ou konn si ou pa gen maladi sa yo o mwen yon fwa chak ane. Se yon bon jan pou ou ka rete an sante.